



Pou Piblikasyon Imedya: 24/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOTCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON YON PWOJÈ LOJMAN AK RENOUVÈLMAN IBEN KI KOUTE 96 MILYON DOLA NAN ITHACA

Devlopman anbalavil la gen ladan 181 kay ki abòdab ak sipò epi ki konplètman elektrik, Sant Konferans modèn

Investisman an ap konplete "Southern Tier Soaring" – ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an

Foto yo disponib [isit la](#)

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke gen travay ki sou pye yon nouvo devlopman lojman abòdab ak sant konferans ki koute 96 milyon dola nan anbalavil Ithaca. Yo pral konstwi Asteri Ithaca sou pòsyon lwès Green Street Parking Garage (Garaj Estasyonman Green Street) la, ki pral demoli kòm yon pati nan kad pwojè renouvèlman iben konplè sa a. Batiman ki trè efikas an enèji epi ki konplètman elektrik pral prezante 181 apatman abòdab ak 40 kay rezève pou moun ki bezwen sèvis sipò pou viv yon fason endepandan.

"Nou angaje nou pou bay aksè ak bon jan kalite kay ki konfòtab kote Nouyòkè yo ka viv ak jwe nan kominote yo renmen yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Asteri Ithaca se yon eleman kle nan plan renouvèlman iben sa a ke yo byen konsevwa k ap pote sèvis sipò lojma abòdab ki esansyèl pou moun ki bezwen yo, ak yon sant konferans modèn ki pral ankouraje kwasans nan biznis ki tou pre yo. Sa a se fason yon vil konstwi fiti li."

Ajans Renouvèlman Iben Ithaca (Ithaca Urban Renewal Agency) te pibliye yon Demann pou Pwopozisyon an 2017 pou yon pwojè renouvèlman iben pou renove Green Street Parking Garage la. Pwojè a gen twa pòsyon: lojman abòdab, yon sant konferans, ak renovasyon ak konstriksyon Green Street Parking Garage la. Tout twa eleman yo ap finanse separeman.

Apatman abòdab yo ak sant konferans 55,000 pye kare a pral okipe menm batiman 12 etaj la. Pòsyon rezidansyèl 62 milyon dola sou nèf etaj anwo yo pral gen ladan 78 estidyo, 87 apatman ki gen yon sèl chanm, uit apatman ki gen de chanm, ak uit apatman ki gen twa chanm. Yo estriktire lwaye yo pou yo abòdab pou kay ki touche jiska 80 pousan oswa mwens nan Revni Mwayen Zòn lan.

Yo rezève karant apatman pou moun ki bezwen sèvis sipò. Yo pral benefisye yon prim Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) nan Tompkins Community Action, Inc., ki pral administre pa Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) la.

Yo pral bay tout rezidan nan devlopman an yo sèvis entènèt gratis, ak chak inite ap kable pou gen aksè ak 5G, ki gen ladan woutè pou Wifi. Ekipman yo ap gen ladan yon teras syèl nan 12èm etaj, espas deyò, ak yon sant kondisyonman fizik nan katyèm etaj ak chanm kominotè. Rezidan yo ap gen aksè ak yon sal lesiv komen nan chak lòt etaj yo, ak depo bisiklèt andedan sou planche etaj la.

Yo pral renove ak elaji pòsyon lès reen Street Parking Garage la pou enkli 350 espas pakin, ak plas ki disponib pou rezidan batiman yo lwe.

Sitiye nan 118 East Green Street, Asteri Ithaca sitiye a kèk pa ak Ithaca Commons, City Hall, restoran, boutik, biwo medikal, ak biwo pwofesyonèl yo. Devlopman an tou pre Six-Mile Creek Trail, DeWitt Park ak Cascadilla Gorge Trail. Arè Ithaca Commons - Green Street Tompkins Consolidated Area Transit la tou pre a epi gen plis pase 10 wout otobis ki sèv ladan.

Batiman ki efikas an enèji epi ki konplètman la pral pou objektif eta a pi lwen nan kad Lwa sou Pwoteksyon Lidèchip Klima (Climate Leadership Protection Act, CLPA) nan reyalize 85 pousan netralite kabòn disi 2050. Tout Apatman apral gen aparèy plonbri a fèb debi, ansanm ak fenèt ak aparèy nan echèl Energy Star. Anplis de sa, batiman prevwa reponn ak egzijans Pwogram Energy Star an Wot Altitud pou Plizyè Fanmi (Energy Star Multi-Family High-Rise Programs) EPA ak Nouvo Pwogram Konstriksyon Lojman (New Construction Housing Program) Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la.

Finansman Eta a pou pòsyon rezidansyèl ki koute 62 milyon dola nan Asteri Ithaca a gen ladan 11 milyon dola nan obligasyon pèmanan enpo egzonere, Kredi Enpo Lojman Federal pou Moun ki Gen Revni Fèb (Federal Low-Income Housing Tax Credits) ki pral jenere 26.3 milyon dola nan fon pwòp ak 19.8 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. NYSERDA pral founi 550,000 dola nan sipò. Devlopman Empire State (Empire State Development, ESD) ap sipòte Sant Konferans lan avèk 5 milyon dola atravè Sibvansyon Kapital Konsèy Rejyonal la.

Pwomotè Asteri Ithaca a se Vecino Group. Vil Ithaca, Konte Tompkins, Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Tompkins, ak Downtown Ithaca Alliance ap bay sipò finansye sinifikatif pou sant konferans lan ak renovasyon pati ki rete nan garaj la.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR la, te deklare, "Asteri Ithaca pral ajoute nan vitalite a ak enèji ke anba lavil Ithaca bezwen pou li kontinye pwospere. Avèk lwaye abòdab, entènèt gratis, ekipman ak sèvis sipò eksepsyonèl, 181 fwaye ki pral

abite isit la pral gen zouti yo bezwen pou yo viv yon lavi ak siksè. Anplis de tout sa, konsepsyon dirab la pral ofri yon anviwònman ki pi an sante epi li pral fè nou avanse pi pre pou satisfè objektif rediksyon kabòn Eta a. Felisitasyon ak Vecino Group ak mèsè a tout patnè yo ki pataje vizyon nou an nan bati destinasyon anbalavil ki briye ak eksitan nan tout eta a nan New York."

Asteri Ithaca fè pati efò 20 milya dola eta a sou senk an pou bay Nouyòkè yo aksè nan lojman ki gen sekirite, ki nan pri abòdab. Plan an, ki nan ane final li kounye a, fè lojman ki aksesib epi konbat sitiyasyon sanzabri a, lè li konstwi epi prezève plis pase 100,000 inite lojman nan pri ki abòdab ak 6,000 inite lojman ki bay sipò.

Pandan deseni ki sot pase a nan Southern Tier, HCR te investi plis pase 230 milyon dola pou finanse apeprè 2,650 pwojè devlopman apatman nan pri ki abòdab pou plizyè fanmi, yon investisman ki te mobilize plis pase 376 milyon dola finansman ki soti nan lòt sous. Prèske 36 milyon dola nan investisman rejyonal total HCR la mennen nan kreyasyon plis pase 400 apatman nan Ithaca.

Direktè Operasyon ak Komisè Egzekitif Adjwen Empire State Development (ESD) a, Kevin Younis te deklare, "Nouvo sant konferans Asteri Ithaca a ak apatman ki gen revni miks yo nan kè vil la, tou pre biznis yo, transpò piblik ak kèk nan gòj ak espas vèt anblematik Ithaca a. Nou fyè dèske nou se yon patnè nan pwojè sa a, ki reflekte angajman New York nan investisman estratejik ki ranfòse ekonomi lokal ak rejyonal la pandan y ap kreye anbalavil ki pi vibran toupatou nan eta a."

Komisè OTDA, Mike Hein te deklare, "Sanzabri ak ensekirite lojman yo souvan anrasin nan pwoblèm ki cache ki rete san adrese. Asteri Ithaca pral asosye lojman abòdab ak sèvis sipò ke lokatè yo ka konte sou yo pou konfwonte pwoblèm sa yo ki te deja kontribye nan ensekirite lojman yo. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, eta nou an ap kontinye fè pwogrè nan direksyon pou asire tout Nouyòkè yo gen aksè ak lojman san danje, ki abòdab ak sèvis yo ka konte sou yo pou yo viv nan anviwònman ki endepandan an."

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, "Sipò NYSERDA pou gwo pwojè lojman abòdab sa a pral ede asire ke rezidan ki revni fèb nan Southern Tier yo gen aksè ak lojman ki enkòpore karakteristik efikasite enèji ki gen gwo pèfòmans anndan ak deyò pou konfò amelyore, ogmantasyon benefis sante, ak pi ba pri enèji. Investisman yo nan devlopman pwojè Asteri Ithaca a demontre angajman kontinyèl Eta a pou diminye emisyon danjere nan tout eta a pandan y ap asire ke tout Nouyòkè yo benefisye tranzisyon nan direksyon enèji pwòp la."

Senatè Tom O'Mara te deklare, "Asteri Ithaca pwomèt yon pwojè devlopman kominotè ki enteresan ak enpòtan. Li pral amelyore vil Ithaca ak tout Konte Tompkins atravè lojman abòdab adisyonèl ki gen kalite sipryè pou rezidan lokal yo, ansanm ak yon nouvo Sant Konferans ak lòt karakteristik ki pral ede ranfòse ekonomi lokal la. Kalite patenarya eta-lokal sa yo ofri mwayen efikas pou kominote nan tout rejyon nou an ak nan tout New York."

Manm Asanble, Anna R. Kelles, te deklare, "Bezwen nou pou lojman abòdab ak sipò pwofon e li te vin pi grav pandan pandemi COVID-19 la. Pwojè Asteri pou itilizasyon miks la pral ede nou avanse sou wout long lan pou rann lojman abòdab ak sipò sifizan. Sant konferans lan pral ranpli yon vid kominotè nan konvoke espas ak siyifikativman ogmante touris nan mitan semèn pou ranfòse ekonomi lokal anbalavil nou an lajounen ak lannwit nan bay estabilite ki nesesè anpil pou travayè yo nan endistri otelri a."

Leslyn McBean-Clairborne, Prezidan Lejislati Konte Tompkins lan, te deklare, "Sa a se yon devlopman transfòmasyonèl pou kominote nou an. Asosye yon sant konferans ki pral atire dè milye vizitè nan Konte Tompkins ak bon jan kalite lojman abòdab ki neseè anpil se yon apwòch kreyatif ki pral kontinye fè Anbalail Ithaca yon kote vibran pou viv, travay, ak vizite. Konte Tompkins fyè pou sipòte pwojè sa a epi li remèsye patnè kominotè nou yo, Vecino Group, ak Eta New York pou lidèchip yo ak angajman yo pou fè pwojè sa a reyalize."

Rick Manzardo, Prezidan Vecino Group, te deklare, "Bezwen Ithaca pou lojman abòdab konsiderab, ak Asteri Ithaca kontribiye grandman pou satisfè bezwen sa a pandan y ap anpeche sitistasyon sanzabri tou nan Konte Tompkins. Lè ou konbine lojman sa a ak enpak kominotè nan yon sans ki pi laj sant konferans lan ak garaj pakin ki elaji a, li non sèlman vin yon solisyon pou Ithaca, men yon pwojè ki vrèman transfòmasyonèl pou tout rejyon an. Nivo patenarya ak travay ekip Gwoup Vecino a te eksperyman nan Ithaca - soti nan ofisyèl eli yo ak ajans gouvènman eta ak lokal yo rive nan mèt biznis Ithaca a yo—demonstre yon kominote ki sousye epi travay nan direksyon yon pi bon avni pou tout moun."

Gary Ferguson, Direktè Egzekitif Downtown Ithaca Alliance, te deklare, "Redevlopman sit Green Street Garage la se yon seri pwojè enkwayab ki distribye bezwen lojman abòdab ak sipò yon fason dezespere, yon pakin garaj tou nèt, ak yon sant konferans kominotè kie yo t ap chèche depi lontan an, Touletwa pwojè sa yo chita nan episan anbalavil Ithaca, adjasan ak Commons ak Center Ithaca, City Hall, ak bibliyotèk piblik nou an. Yo pral fè anbalavil vin yon plas kote pou moun viv, travay, ak vizite ki pi fò, pi vibran ak enklizif kolektivman."

Heather McDaniel, Prezidan, Devlopman Ekonomik Zòn Ithaca, te deklare, "Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Tompkins lan te bay asistans ki nesesè anpil pou mete pwojè sa a sou liy finisyon an. Nou rekonesan pou nou gen patnè angaje sa yo nan tab la k ap kreye ekipman piblik ak prive ki pral ranfòse anbalavil nou an, ki fè li yon kote vibran ak aktif pou viv, travay, ak vizite."

Prezidan Local Development Corporation lan, Jennifer Tavares, te deklare, "Pwojè devlopman ekonomik ak touris enpòtan sa a se rezilta travay di, kolaborasyon, ak investisman anpil moun, òganizasyon, ak ajans pandan senk dènye ane yo. Ekip nou an ekstrèmman fyè ak rekonesan ke Sant Konferans Ithaca Downtown pral vivifye an 2023, gras ak sipò ofisyèl lokal ak eta yo, patnè kominotè yo, ak Vecino Group la - tout moun ki pataje vizyon nou pou pwojè sa a ak investi nan anba lavil Ithaca."

Svante Myrick, ki se Majistra Ithaca, te deklare, "Pandan dènye deseni an yon kantite pwojè te ede transfòme ak revitalize anbalavil Ithaca a. Sa a se - ansanm ak rekonstriksyon Commons an pou tèt li - ki se pwojè ki pi gwo ak pi enpòtan jiska dat. Sa pral bay dè santèn moun k ap travay opòtinite pou yo viv nan sant vil la, kreye nouvo opòtinite travay nan sant konferans lan, ankouraje ekonomi touris nou an, epi bay plis espas pakin. Nou kontan ak patenarya ki fè yon pwojè istorik konsa posib!"

Akselere Southern Tier Soaring

Anons jodi a vin konpleman te pwojè "Southern Tier Soaring", ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt nan nivo rejyonal la konsantre sou atire yon mendèv ki plen talan, grandi biznis yo ak estimile inovasyon. Kounye a, rejyon an ap akselere Southern Tier Soaring lan gras ak yon envèstisman 500 milyon dola Eta atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò (Upstate Revitalization Initiative) a. Envestisman 500 milyon dola Eta a ap ensite biznis prive yo envesti plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 10,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)